

CHAPIT 4

NÈNÈ AK POULIK ANTRE SOT SENDOMENG

Nènè ak Poulik antre sot Sendomeng. Gad dominiken te mete lapat sou yo. Yo pa t konnen si yo arete Mèsidye. Gad yo te debake sou yo sanzatann pandan yo t ap dòmi, nan batey kote yo te ye a, ak tout rad travay sou yo. Gad yo pa t ba yo dwa pran anyen. Yo te sèlman di yo: «Vamos para Ayiti!». Yo mete yo nan yon bis, chaje kou Legba ak lòt Ayisyen yo te gen tan arete deja. Bis sa a te chaje ak fanm, gason, timoun e timoun nan bibon. Timoun sa yo fèt Sendomeng, men gouvenman dominiken pa t janm rekonèt yo kòm pitit tè a, menm batistè yo pa t ba yo. Se pa de kriye yo t ap kriye pandan vwayaj la poutèt yo t ap retounen Ayiti de men vid paske gad dominiken vòlè tout afè yo nan batey yo. Bis la te lage yo nan mitan vil Kwadèboukè, anviwon onz kilomèt de Pòtoprens. Nènè ak Poulik rankontre yon Ayisyen nan bis la ki rele Osma; misye se moun Titonmble, yon bouk nan Kwadèboukè. Peyizan Titonmble te sezi wè Osma paske yo gen lontan depi yo pa t pran nouvèl li. Tout moun te gen dlo nan je lè Osma ak de mesye yo te rakonte sa yo sot pran Sendomeng. Yo pase yon bon moman kay Osma, kote yo te rete pase lanuit. Lè yo te sou pwen pou kite Titonmble, anpil moun nan vwazinaj la kolekte kòb pou ede Nènè ak Poulik peye machin pou retounen nan sid. Moun nan bouk la te pote manje pou yo.*

«Mwen gen uitan depi m kite Kwadèboukè. Mwen wè peyi a tèt anba lè m fin desann bis la. Mwen di Bondye mèsi nou fè yon bon vwayaj paske bis la te chaje ak moun, epi chofè dominiken an t ap kouri tout boulin depi 1 fin kite Sendomeng. Tann mwen yon ti moman! M pral mande gad la kèk enfòmasyon,» Osma kòmantè.

Osma mache anviwon 400 mèt nan direksyon ti pòs la pou l mande ki machin pou l pran pou lage l Titonmble. Nènè ak Poulik kanpe ap tann li.

«Gad la di se la a pou n rete tann machin ki pral Grantye; y ap lage n Titonmble.» Osma rapòte.

Apres anviwon inè d tan ap tann machin, yon kamyonèt ki pral Grantye parèt. Li rete epi yo monte. Osma di chofè a yo sot Sendomeng de men vid, yo pa gen lajan. «Sa gen inè d tan, yon bis dominiken lage n nan mitan vil Kwadèboukè, toupre ti pòs polis la.» Li mansyone ke de zanmi l yo vin ansann ak li. Yo se moun nan sid, li menm li sot Titonmble. Li te kite Titonmble pou al Sendomeng, sa gen uitan. Sityasyon laba a pa bon pou Ayisyen; gad dominiken ap arete Ayisyen pou voye tounen Ayiti. Bagay yo pa t ap mache byen pou li Titonmble; donk li t al Sendomeng.

«Kilès ki paran w Titonmble?» Chofè a mande Osma.

«Mwen se pitit Omàn. Se yon abitan ki gen anpil tè nan bouk la ak nan Teleferi.» Osma reponn ak fyète.

Chofè a kontinye ak konvèrsasyon an, l ap pale sou sityasyon ekonomik aktyèl nan Laplèn, vas tè plèn ki enkli Kwadèboukè men malerezman, anpil moun la ap pati al lòt peyi dèyè lavi miyò.

«Men wi, m konn Omàn. Toutan mwen te konn bwote machann toupre kay misye pou lage Titonmble. Misye se yon gwo abitan. Mwen gen plis pase kenzan kòm chofè sou wout la. Mwen rele Fito; anpil machann Titonmble konnen m. Men fò mwen di ou, bagay yo p ap mache isit. Chak jou m ap rankontre otobis ki sot Sendomeng chaje Ayisyen y ap voye tounen Ayiti. Yon nèg pa konn sa l ap regle nan peyi a. Papa m te prèske fin vann tout rès tè l yo. Latè pa bay ankò isit. Dlo yo fin seche akoz bwa moun ap koupe pou fè chabon. Anpil jenn gason mwen te konnen Laplèn fin pati; y al Sendomeng, lòt kote nan Zantiy yo oubyen Miyami. Lè w ap gade Ayiti kounyeya, se kòmsi m ta di ou se yon teren foubòl san jwè, san gazon. M sonje nan tan lontan lè Laplèn te rele Laplèn tout bon vre, kijan nèg te alèz. Se pa renmen yon nonm ta renmen kite peyi a paske se la tout vye plan fanmi ou ye, men ou rive nan yon pwen kote ou pa ka sipòte ankò. Donk, fò ou manje, fò ou bay madanm ak pitit manje. Se chofè m ye. Gaz la

koute tèt nèg kounyeya, tèlman 1 chè, e se chans ou ta genyen si ou rive jwenn li achte. Sa k pi rèd la, pafwa mwen konn kite Pòtoprens prèske vid ak twa, kat pasaje pral Grantye. M ap fè yon jan la a pou m ta lage kò m Miyami.» Chofè a kòmante.

Chofè a rive Titonmble. Li estope toupre kay Omàn. Nènè, Poulik ak Osma desann epi yo remèsyé l.

«Bon, nou pa gen bouch pou ta remèsyé w. Kay Omàn se kay ou kounyeya. Nenpòt lè ou fè yon estope la a, ou ka pase pran yon gwòg.» Osma remèsyé l ankò.

«Oke, pa gen pwoblèm Osma!» Chofè a reponn.

Chofè a kontinye al Grantye. Pandan Osma ap fè yon ti mache pou antre lakay li, se konsa l apèsi Grann Dèdè chita ap kòde yon kòd kèk mèt de kay la.

«Bonjou, Grann Dèdè!» Osma salye grammè l.

«Kilès sa a?» Grann Dèdè mande.

«Grann, se pitit ou, Osma. Mwen vin sot Sendomeng». Osma reponn.

Yon gwo sipriz pou Grann Dèdè; men dwat li nan machwè l, ap panse pandan l ap gade pitit pitit li Osma san rete.

«Osma, ban m wè ou pitit! Se ou menm? Mizè ap touye nou isit; se gwo chans ou jwenn grann ap viv toujou. Ban m nouvèl ou pitit! Apa figi a rale.» Grann Dèdè ajoute.

Epi l souri bay Nènè ak Poulik, ki kanpe kèk mèt de manmzèl. De mesye yo pa sanble moun zòn nan.

«Kibò yo moun?» Manmzèl mande Osma.

«Non, se de zanmi ki te Sendomeng tou. Mwen jwenn yo nan bis la. Yo se moun nan sid, yon kote ki rele Kapòl. La pa lwen ak Vyebouk.» Osma reponn.

Poulik ak Nènè pwoche toupre Grann Dèdè pou salye l.

«E kò a grann?» Yo salye l.

«Enben, mwen la toujou wi pitit mwen yo. Chita non. M pral fè kafe pou nou, mesye. Nou mèt kontinye pale ak Osma. M ap vin talè.» Grann di nan yon vwa k ap tranble.

Grann Dèdè fè yon vire al nan kizin. Li limen dife pou fè kafe pou yo. Omàn t al fè yon chabon yon kote; li vin parèt pandan twa mesye yo ap pale.

«Kilès mwen wè la a? Se pa Osma?» Omàn mande.

Te gen yon silans absoli pandan youn t ap anbrase lòt ak dlo nan je. Osma fè Nènè ak Poulik fè konesans ak papa l.

«Bonjou tonton! Kijan w ye tonton?» Nènè ak Poulik salye Omàn.

«Kòman nou ye, pitit mwen yo?» Omàn mande.

«Enben, nou di Bondye mèsi n ap viv toujou pou traka n sot pase Sendomeng. Osma te tankou yon zanj ki vin delivre nou.» Nènè reponn.

«Nou rankontre l nan bis la. Alò, nou t ap pale ansanm epi l di l se moun Kwadèboukè nan yon bouk ki rele Titonmble. Nou se moun nan sid. Nou pa konn pèsòn Kwadèboukè. Bondye delivre n lè n te rankontre Osma. Li di nou rete fè yon poze lakay li anvan n retounen nan sid.» Poulik ajoute.

«Ki kote nou moun nan sid ojis?» Omàn mande Nènè ak Poulik.

«Nou soti nan yon bouk ki rele Kapòl. La pa tèlman lwen ak Vyeboudaken.» Nènè reponn.

«Wi pitit mwén. Mwen tandé pale de Vyeboudaken. Papa m te konn di m li konn tout zòn sa yo lè l te nan gad d Ayiti.» Omàn kòmante.

«Donk, pwochèn fwa se va tou pa w pou vizite bouk sa a.» Poulik ajoute.

Omàn souri:

«Ou pa janm konnen. Si Bondye ban m opòtinite, m ap fè sa. Pitit mwén yo, nou lakay nou; mete n alèz!»

Grann Dèdè fin fè kafe a; l ap vin sèvi yo:

«E kadè a?» Grann mande.

«Nou la wi grann.» Nènè ak Poulik reponn.

«Omàn, ou wè Osma? Se gwo sezisman m fè lè Osma parèt isit maten an. Mwen te gen tan dekonèt li. M te chita la a epi m tandé yon moun di: «Bonjou Grann Dèdè!». M di nan kè m gen lè se Wolnè ki gen tan tounen sot Koten paske 1 t al regle yon afè lajan la. Mwen t ap kòde yon zoren epi m mete l la; m tandé moun nan di: ‘Se pitit ou Osma, m vin sot Sendomeng’. Mwen sezi. Si l pa t di m kilès li ye, m t ap blyie l tèlman m wè l mèg. Enben, fin bwè kafe a pou l pa frèt. N a gen tan pale.» Grann Dèdè kòmante.

Grann retounen lakizin. Li kite mesye yo ap pale anba tonèl la ak Omàn.

«Bon, pitit gason m yo, ban m nouvèl kòman bagay yo ye Sendomeng» Omàn mande, epi l kontinye pale: «Isit se chak jou m ap wè popilas moun ki sot Sendomeng, bis ki chaje ak Ayisyen y ap transpòte sot nan peyi sa a. Pa gen manje pou bay moun sa yo; pa gen anyen nan peyi a. Tout bagay koute tèt nèg. Ti rès tè ki rete yo prèske fin vann. Si w bezwen yon ti kòb, pa gen lòt mwayen pou ta jwenn li. Ou oblige vann ti moso tè ou genyen. Mwa pase, m sot vann twa kawo tè pou te fè antèman papa m. Pa gen bêt pou vann paske pifò ladan yo fin mouri. Yo pa jwenn anyen pou manje. Anpil moun Titonmble fin mouri. Anpil jenn gason pati al Miyami, Bahamas, nan lòt zile ak sa k te gen tan al Sendomeng. Se konsa bagay yo ye isit. Se ti chabon an mwén oblige fè pou vann, e menm bwa pa fasil pou jwenn fè l. M voye chabon an vann nan mache. Ak ti kòb sa a, ou ka achte mayi moulen ak grès. Lè ou gade sitiayson an vre, se pa renmen moun yo ta renmen pati kite Titonmble, men yo pa gen chwa; fò yo manje. Mwen sonje lontan kijan bagay yo te ye Laplèn. Mwen pa ka di se te yon paradi, men ou te konn jwenn kèk patat ak lèt pou kenbe w anvan ou t al nan jaden. Te gen legim agogo. Li te difisil jwenn moun ede w keyi tomat, obèjin, kalalou pou al vann Timache. Lè w ap sonje bagay sa yo, se tankou se nan yon rèv ou ye. Ay! M ap di w sa pitit mwén, peyi a fini kounyeaya.»

Osma ap rakonte papa l kòman zotobre dominiken ap ranmase Ayisyen pou voye tounen Ayiti, kijan y ap travay di Sendomeng kote y ap bat dlo pou fè bè. Li mansyone tou move tretman Ayisyen jwenn, yon bagay li konpare a esklavay nan tan lakoloni:

«Monchè, papa, se tankou chat mawon y ap chase Ayisyen Sendomeng. N ap mande sa nou fè ki pa bon. Yo fè konnen se nou menm Ayisyen ki fè Dominiken pa ka jwenn travay; y akize n de tout bagay. Pòv Ayisyen! Se dlo y ap bat pou fè bè laba a. Nou travay kou bourik. Se kòmsi m ta di w se istwa nèg ayisyen y ap rakonte w epòk Fransè te mete yo nan esklavay. Si se pa t nou menm, anpil Dominiken pa t

ap gen yon *peso** nan pòch yo. Si pa t gen Ayisyen ki t ap koupe kann, tout aktivite la t ap bloke. Men lè w ap gade chèf dominiken, mwen kapab di ke yo engras paske yo pa rann kont ke malere dominiken pa t ap fè travay n ap fè yo. Lòtbò a se kòmsi se nan pak kochon w ap dòmi, orespe figi w! Ou rete nan ti joupa, nan labou kaka bèf ak kaka kochon, kote mayengwen ap viv. Si pa aza ou ta malad epi w wè ou siviv, se gwo chans ou ta genyen. Donk, se konsa bagay yo ye pou malere ayisyen: travay kou bêt chak jou, mal dòmi, mal nouri epi yo pa respekte ou. Si lakay te bon, si te gen moun ki sousye de nou depi lakay, se pa nan eta sa a nou ta ye lòtbò a. Se menm mizè a Nènè ak Poulik sot pase. Men yo la kòm temwen.»

«Bon, Tonton, Osma di ou sa nou sot pran Sendomeng. Se bagay tèrib. Byenke nou pa t nan menm batey ak li men nou te vizite anpil lòt; se menm traka a Ayisyen ap pase. Nou kite laba a de men vid; nou poko konnen kòman n pral nan sid paske nou pa gen senk kòb pou peye machin.» Nènè ak Poulik esplike.

Omàn fè yon kèt pou mesye yo nan bouk la pou yo ka peye machin pou al nan sid. Lèfini l remèt yo lajan l kolekte a.

«Mesye, sa a se moun nan bouk la ki voye 1 ban nou pou n peye machin.» Omàn lonje yon anvlop bay chak.

«Tonton Omàn, nou pa gen bouch pou ta remèsy w pou tout sa ou fè pou nou. Moun nan bouk la ban n manje epi gade yo voye ti kòb pou n peye machin. Tout bagay sa yo se gras a ou menm moun Titonble konnen. Mèsi Bondye n te jwenn ak Osma. Depi bagay yo ta kòmanse bon, n ap retounen vin rann ou vizit.» Nènè ak Poulik remèsy 1 anpil.

«Pa gen pwoblèm pitit mwen yo. Titonble se lakay nou kounyeya.» Omàn reponn.

Omàn ak Osma kondi yo mete sou teras pou pran machin al Pòtoprens. Len bay lòt akolad epi yo bay lanmen. Yon kamyonèt ki sot Grantye vin parèt epi yo monte ladan. Len fè babay pou lòt.

KESYON & KONPREYANSYON

1. Kòmante sou kijan Nènè ak Poulik retounen Ayiti.
2. Ki tip moun ki te nan otobis Nènè ak Poulik la (lè yo kite Sendomeng)?
3. Poukisa gouvènman dominiken pa vle rekònèt ti Ayisyen ki fèt Sendomeng kòm pitit tè a?
4. Èske kè peyizan ayisyen yo te kontan pandan vwayaj la?
5. Kibò otobis la te lage yo lè yo rive Ayiti?
6. Ki distans pòs polis la ak kote Osma desann otobis la?
7. Kilès Osma ye?
8. Kilès Omàn ye?
9. Kilès Grann Dèdè ye?
10. Kijan Grann Dèdè te reyaji lè 1 wè Osma?
11. Kisa Grann Dèdè t ap fè lè Osma rive?
12. Kijan yo rele bouk (lokalite) kote Osma moun nan?
13. Kijan moun Titonble te ede Nènè ak Poulik?
14. Depi konbyen tan Osma te kite Kwadèboukè?
15. Kijan Osma te wè peyi a lè 1 retounen Ayiti?
16. Ki nasyonalite chofè ki t ap pilote otobis la?
17. Bay yon sinonim pou *kouri tout boulin*.
18. Kijan Poulik ak Nènè wè Osma?
19. Ki kote Nènè ak Poulik moun?
20. Ki kote nan sid papa Omàn te nan gad d Ayiti?
21. Kijan Omàn reyaji lè Nènè ak Poulik envite 1 nan sid?
22. Kilès manm fanmi Omàn ki te mouri?

23. Kilès Fito ye?
24. Depi konbyen ane chofè ayisyen an sou wout la?
25. Kisa espresyon *bat dlo pou fè bè* vle di?
26. Ak kisa Osma konpare move tretman Ayisyen nan batey Sendomeng jwenn?
27. Dapre Osma, kisa ki t ap pase si Ayisyen pa t koupe kann nan Sendomeng?
28. Kijan yo trete Ayisyen ki nan batey yo?

*NÒT

- a) «*Vamos para Ayiti!*» : Tèm panyòl ki vle di «retounen Ayiti!».
- b) *peso*: Lajan nasyonal Sendomeng (Republik Dominikèn).

MO & ESPRESYON

abitant (peyzan). gwo *abitant* (peyzan ki gen byen, tè, lajan).

agogo, gen yon bagay *agogo* : gen yon bagay an grann kantite.

akize: pote yon akizasyon kont (yon moun); *akize* yon moun de yon bagay.

alèz: pa gen pwoblèm, jwenn sa yon moun bezwen; “*alèz kòm blèz*” (pou ranfòsman).

batey: kan travay (pou koupèdkann ayisyen an Sendomeng (Republik Dominikèn).

batistè, bay yon timoun *batistè* : rekonèt yon timoun kòm pitit. 2. rekonèt dwa yon timoun kòm sitwayen, pitit tè.

bèt, travay kou *bèt* : travay kou bourik, travay anpil, travay di, Bourike.

bouk: zòn, andwa, lokalite; vilaj.

boulin; kouri tout *boulin* (kouri ak tout vitès, kouri vit, kouri rapid rapid).

chabon (bwa boule yo ka limen pou fè manje, pou chofaj). Moun fè *chabon* tout kote Ayiti. Se youn nan rezon yo detwi anviwonnan an paske yo koupe pye bwa pou fè *chabon*. Se *chabon* ki pi gwo sous enèji plis pase 90% moun itilize. Yo sèvi ak *chabon*, epi yo vann li tou. Leta poko vini ak bonjan lwa pou moun pa koupe pyebwa, epi pou ta sibvansyone “gaz” pou tout moun itilize nan plas *chabon*. Lafimen *chabon* an tou k ap boule pa bon pou sante moun. Koupe pyebwa tou koze ewozyon, epi lè gen lapli, lavalas (gwo dlo) ale avèk tè yo. Donk li enpòtan pou n edike moun pou aprann pwoteje pyebwa (tout kote nan peyi a) pou yo pa detwi anviwonnan an.

chaje kou Legba: byen chaje.

chwa, pa gen *chwa* : pa gen lòt fason, pa gen lòt mwayen.

delivre: ede; sekouri, sove, pote sekou, bay lamen.

dlo nan je: ap kriye, montre lapenn; montre emosyon.

dòmi (kouche); mal *dòmi*: pa byen *dòmi*, pa *dòmi* byen, pa *dòmi* ak konfò, pa *dòmi* konfòtableman.

dwa, bay *dwa* (fè yon bagay): bay pèmisyon (pou) fè yon bagay.

engra: (ki) pa montre ‘gratitud’ ou ‘rekonesans’, (ki) san rekonesans.

epòk: alepòk, nan epòk la, nan tan, lè ...

frèt: ki pa cho.

gad d Ayiti: jandam; sólda (k ap fe pòs nan tan lontan).

grès: grès pou kwit manje (e.g: Iwil doliv, grès kochon, la).

gwòg (kleren, bwason alkolik; tranpe).

joupa: ti kay (an pay, oubyen ki kouvri ak tach).

kafe: an pwovens, *kafe* se bwason peyzan ofri moun. Dabitid, y al fè l (ou prepare l) pou vizitè.

kamyonèt: tap-tap (ti machin bwafoye ki fè transpò piblik).

kèt, fè kèt: kolekte kòb (nan men moun).

kochon, pak *kochon* : andwa kote yo mete kochon (pou angrese, ba yo manje).

kòde (yon) kòd : fè yon kòd, trese yon kòd. Nan zòn Laplèn, anpil moun itilize mo “zoren” pou refere a *kòd*. Yo itilize pit, latànye pou kòde kòd (pou mare bét kouwè cheval, Bourik, milèt). *Kòd* pit, se *kòd* ki solid (li dire, epi l pa kase fasil menm jan ak *kòd* latànye). Yo sèvi ak *kòd* pou mare anpil bagay.

kolekte kòb (lajan): fè kèt, ranmase kòb (pou).

kondi yon moun: bay yon moun woulib apye (fè yon ti mache ak yon moun rive yon kote epi retounen).

koute tèt nèg: koute chè, koute anpil (kòb), chè anpil.

kriye, se pa de *kriye* : anpil kriye, anpil dlo nan je; kriye anpil.

lakay: nan mezon yon moun, kote yon moun rete ou abite. 2. nan peyi yon moun.

lakizin: andwa (kote) yo kwit manje [an pwovens, ‘kizin’ nan se yon ti kay apa ki pa kole avèk kay prensipal la].

Laplèn, lè *Laplèn* te rele *Laplèn*: Lè *Laplèn* te bon; Lè *Laplèn* te dyanm.

lèfini: apre, apre sa.

limen dife: pase alimèt pou limen dife, soufle chabon cho pou fè dife (pou kwit manje, pou bouyi, oswa boukannen yon bagay).

machwè, men nan *machè* (ap panse, kalkile). Dabitid, depi yon moun gen men nan *machwè*, yo di l ap panse (kalkile).

mayi moulen: manje popilè anpil moun Ayiti manje. Nan zòn nò, yo rele manje sa a “tyentyen”.

mèg: ki pa gen anpil vyann, ki pa gra; ki pèdi pwa, ki desann.

men; de *men* vid : pa pote anyen, pa vin ak anyen, san anyen nan men, san anyen.

mete (ou) alèz: fè kòmsi ou te lakay ou; kay pou ou, pa jennen; vire kò w jan w vle.

mete latap sou: arete, fouke, kenbe, pran.

mizè (lamizè) grangou, lafen, pa gen manje (lamanjay).

moman; pase yon bon *moman* : byen anmize (amize), anmize byen.

moun; kibò ou *moun?* (Ki kote ou soti? nan ki zòn ou soti? nan ki lokalite ou soti? nan ki peyi ou soti?)

mwayen: fason, jan, posiblite.

obèjin: berejèn.

oblige: sètoblige, dwe.

ojis: egzat, egzatteman.

orespe figi!: eskize ou pou mo (tèm sa a).

paseje (pasajè): moun ki pran transpòtasyon; moun y ap transpòte (pou lajan).

pèsòn (pèsonn): okenn moun, chat.

peye machin : peye transpòtasyon.

pifò ladan yo: majorite ladan yo.

plan fanmi: kòd fanmi, tout moun ki nan klan fanmi an.

popilas: bourara, foul, foul moun, gwoup moun.

pwoche: vin pi pre.

pwochén fwa: yon lòt fwa, yon lòt lè.

rekonèt (y.m) **kòm pitit tè:** rekònèt (y.m) kòm sitwayen yon peyi.

remèt: bay, retounen (yon bagay ki te prete).

salye (yon moun): di (y.m) bonjou, mande y.m kijan li ye. Anpil fwa lè n ap salye yon moun ki ta parèt pi gran (pi aje) pase n Ayiti, nou ka di: “bonjou tonton” (pou gason), “bonjou matant” (pou fanm). Depan de lè a, nou ka di “bonswa”... Moun nan pa bezwen fanmi nou pou n rele l “tonton” oswa “matant”, men se yon siy “respè” nou montre pou li. Si moun nan gen yon “tit”, nou ka itilize tit la tou (pa egz: “bonjou bòs, doktè [dòk], grann, madan, mamè [mè], matmwazèl, mesye, mèt, monpè [pè], pastè [pas]...).

sezi: pantan, espante.

sezisman: etonnman.

silans absoli: silans konplè, silans total, mouch pa vole, oken bri pa fèt, pa fè oken bri, pa gen oken bri.

sipòte: pa ka *sipòte* ankò : pa gen kè ankò, pa gen kouraj ankò pou reziste, pa ka kenbe ankò, pa ka reziste ankò.

sonje (chonje) pa blyie, raple.

souri bay yon moun: montre (y. m) souri ou, montre yon moun ou yon ti jan kontan.

teras: gran wout, gran chemen (kote anpil moun pase, kote kèk veiykil ka pase).

tèt anba; yon peyi *tèt anba* (yon peyi etranj, yon peyi moun pa konprann).

timoun nan bibon : tibebe, tibebe nan tete.

tonèl: an pwovens, anpil moun fè *tonèl* pou chita pran van anba l, jwe kat /domino, bay blag, tire kont anba l. Moun kapab fè *tonèl* tou pou fè plant ki grenpe (tankou rezen, joumou, militon, pwa boukousou ...) kouri lib e libè sou li.

transpòte: bwote (soti nan yon andwa ale nan lòt).

vwazinaj (vwazinay): katye, zòn (kote yon gwoup moun rete ou ap viv pre youn lòt).

zile: il.

zoren: mo ki itilize pou “kòd” nan zòn Laplèn.